

Deklarasyon sou Obligasyon Pwopriyetè Dwadpwopriyete sou Chwa Lojman Pwogram Vawchè

Depatman Lojman ak
Devlopman Iben Lèzetazini
Biwo Lojman Piblik e Endyen

No. Apwobasyon OMB 2577-0169
Eksp. 09/30/2010

Obligasyon Rapò Piblik pou koleksyon enfòmasyon sa a, dapre kalkil ki fèt, ap monte rive an mwayèn 0,05 èdtan pa repons; ladan n gen tan ki nesese pou revize enstriksyon yo, fè rechèch sou sous done ki egziste yo, kolekte e konsève done obligatwa yo, epi konplete e revize koleksyon enfòmasyon yo.

Se Seksyon 8 (y) Lwa Federal sou Lojman ki otorize koleksyon enfòmasyon sa a. Enfòmasyon yo presize obligasyon fanmi an genyen lè l ap patisipe nan yon pwogram sou dwadpwopriyete, dapre Pwogram Vawchè sou Chwa Lojman an.

1. Obligasyon Pwopriyetè Kay. Yon fanmi k ap patisipe nan pwogram Vawchè pou dwadpwopriyete a, ke Ajans Lojman Publik la mete sou pye, fèt pou swiv règleman nou pral site la yo dekwa pou fanmi sa a kapab resevwa èd mèt pwopriyete a. Nenpòt enfòmasyon fanmi an bay, fòk se laverite e fòk li konplè. Chak manm fanmi an (plis nenpòt moun PHA apwouve pou viv nan kay la pou ede manm fanmi an respekte règleman ki gen rapò ak aktivite kriminel oubyen pwoblèm alkòl) fèt pou:

A. Deklare e verifiye nimewo sekirite sosyal li ak nimewo identifikasyon n nan travay li, siyen e prezante fòm ki di fanmi an dakò pou responsab yo chache enfòmasyon sou li (san bliye dosye ki ta montre lajistis te jwenn granmoun ki nan apatman an koupab pou aktivite kriminel) e bay tout lòt enfòmasyon PHA a ou HUD jije nesese (pami yo, genyen prèv sitwayènte, oubyen estati imigran ki montre elijibilite pou pwogram nan, enfòmasyon ki ka sèvi pou montre si yon moun elijib pou l resevwa èd pou l vin pwopriyetè, ak enfòmasyon ki ka sèvi nan yon re-egzamen ki pwograme regilyèman, oubyen yon re-egzamen pwovizwa sou lajan fanmi an fè ak kantite moun ki nan fanmi an.)

B. Prezante nenpòt rapò PHA a mande sou pwogrè efò fanmi an ap deplwaye pou l jwenn e achte yon kay.

C. Patrisipe nan tout pwogram kote yo bay konsèy sou dwadpwopriyete e sou lojman, epi konplete pwogram sa a avèk siksè, lè PHA mande sa.

D. Chwazi e peye yon enspektè pwofesyonèl endepandan pou l fè yon enspeksyon anvan acha a. Enspeksyon an fèt pou dewoule dapre kondisyon PHA fikse yo.

E. Siyen yon kontra de vant ak vandè apatman an e prese bay PHA a yon kopi kontra de vant la. Sa k di nan kontra de vant la dwe respekte kondisyon PHA yo.

F. Chache jwenn e konsève asirans kont inondasyon pou kay ki nan zòn espesyal ke dlo menase.

G. Respekte kondisyon tout dèt ipotèk ki te sèvi pou bay lajan ki nesese pou achte kay la (oubyen tout refinansman dèt sa a).

H. Prese enfòm PHA a pa ekri lè (1) fanmi an pa nan kay la pou yon peryòd pwolonje, dapre règleman PHA yo, e (2) anvan fanmi an bwote kite kay la. Bay tout enfòmasyon ou atestasyon PHA a mande, pou verifiye ke fanmi an ap viv nan kay la, oubyen enfòmasyon ki gen rapò ak absans fanmi an nan kay la.

I. Se sèlman manm fanmi an ke PHA a apwouve, asistan k ap dòmi-leve nan kay la ak timoun fanmi an parene, ki gen dwa sèvi ak lojman pwogram sa a ofri. Pyès lòt moun pa gen dwa rete nan kay la. Fòk kay la se sèl rezidans fanmi an genyen e okenn manm fanmi an pa gen dwa posede enterè nan okenn lòt pwopriyete rezidansyèl ou abitab. Pou yon aktivite kòmèsyal legal fèt nan kay la, fòk se yon aktivite sou kote, fòk li sèvi tou

dabò pou pèmèt fanmi an itilize kay la kòm rezidans. Fanmi an pa gen okenn dwa lwe yon pati nan kay la ni teren ki atache ak kay la.

J. Prese mete PHA a okouran pa ekri tout nesans, adopsyon oubyen desizyon tribinal pran pou bay fanmi an responsab yon timoun, epi mande PHA a konsantman ekri li anvan pou w ajoute nenpòt lòt moun kòm manm fwaye a. Prese enfòm PHA tou pa ekri si yon manm fanmi an p ap viv nan kay la ankò.

K. Jan PHA ak HUD mande sa a, bay tout enfòmasyon sou: (1) tout ipotèk (lajan bank prete pou achte kay) oubyen tout lòt dèt ki fèt pou acha kay la, tout refinansman dèt sa a (san bliye enfòmasyon k ap pèmèt moun wè fanmi an pa t ka peye dèt la e konbyen kòb li dwe toujou), ak enfòmasyon ki montre dèt la fin peye oubyen pèman kontinye fèt sou li; (2) tout vant enterè sou kay la oubyen transfè enterè sa yo; oubyen (3) depans fanmi an fè akòz dwa pwopriyete a.

L. Prese mete PHA a okouran pa ekri si fanmi an pa peye atan yon vèsman sou lajan bank te prete l pou l te ka achte kay la.

M. Pa komèt koken, bay kout-lajan anba tab, ni fè okenn zak koripsyon ou kriminel nan kad okenn pwogram lojman federal. Pa mele nan akvitite kriminel ki gen rapò ak dwòg, ni aktivite kriminel vyolan. Pa mele nan okenn lòt aktivite kriminel ki menase sante, sekirite ni dwa lòt rezidan ak lòt moun ki abite nan vwazinaj la genyen pou yo byen viv nan lapè. Pa bwè alkòl yon fason depase ki ta menase sante, sekirite ak dwa lòt rezidan e lòt moun ki abite nan vwazinaj la genyen pou yo byen viv nan lapè. Pa mele nan konpòtman abizif ou vyolan kont manm staff PHA a, ni pa menase pou fè sa non plis. Pa mele nan lòt aktivite kriminel ki ta kapab menase sante oubyen sekirite anplwaye biwo kontra PHA oubyen moun k ap fè lòt travay (pami yo genyen staff PHA a, moun ki gen kontra oubyen yon sou-kontra ak PHA, epi ajan PHA).

N. Pa lwe, sou-lwe, ni transfere kay la, sòf si se pou fè lajan ipotèk kay la, poutèt dèt ki te fèt pou achte kay la oubyen pou peye refinansman dèt sa a.

O. Pa resevwa okenn asistans nan pwogram èd pou posede kay la pandan fanmi an ap resevwa yon lòt asistans pou menm kay la, oubyen yon lòt rezidans nan kad yon lòt pwogram asistans pou lojman menm jan, kit li se yon pwogram Federal, kit se yon pwogram Eta oubyen lokal.

P. Respekte tout lòt règleman PHA sou yon fanmi k ap chache ou achte yon kay, ou sou mwayen pou fammi an kontinye resevwa asistans pou l posede yon kay. PHA dwe remèt ak dokiman sa a yon lis ki gen règleman sa yo sou li.

2. Kijan Asistans la Pran Fen. Fanmi an kapab resevwa asistans pou posede kay la si l ap viv nan kay la sèlman. PHA

gen dwa rejte yon demand pou asistans oubyen mete fen nan yon asistans ki deja egziste, pou rezon nou pral bay la yo:

- A. Fanmi an ap vyole ou deja vyole yon obligasyon li genyen kòm fanmi dapre seksyon 1 an.
- B. Yo te mete yon manm fanmi an deyò nan yon pwogram asistans federal pou lojman nan 5 dènye ane yo; oubyen yo te mete yon moun k ap viv nan kay la deyò nan yon pwogram asistans federal pou lojman, paske moun sa a te mele nan aktivite dwòg ilegal nan 3 dènye ane yo.
- C. Yon ajan PHA te mete fen nan asistans yon manm fanmi an t ap resevwa nan kad pwogram sètifika ou vawchè a.
- D. Fanmi an gen dèt lajan aktyèlman pou PHA oubyen yon lòt PHA, dapre sa k di nan Seksyon 8 la, ou dapre règleman sou asistans pou lojman piblik la. Fanmi an pa ranbouse okenn PHA a pou lajan li te peye yon pwopriyete dapre règleman sou pèman lwaye ki nan kontra sou asistans pou lojman an, pou dega fanmi an fè nan kay la, oubyen lòt lajan fanmi an dwe. Fanmi an vyole yon akò li te siyen ak PHA a pou l peye lajan li dwe yon PHA, oubyen lajan PHA a peye pwopriyete a.
- E. Yon moun kap viv nan kay la gen obligasyon pou li enskri pandan tout vi li nan pwogram enskripsyon Moun ki Komèt Atak Seksyèl nan Eta a.
- F. Lalwa jwenn yon moun kap viv nan kay la koupab deske li te fabrike oubyen pwodui yon dwog ki rele *methamphetamine* nan yon kay ki fè pati pwogram asistans federal pou lojman an.
- G. San rezon valab, fanmi an pa rive respekte obligasyon li genyen pou l patisipe avèk sikse nan yon pwogram kote li siyen yon kontra pou l vin responsab pwòp tèt li.
- H. Fanmi an fè eksprè li pa respekte obligasyon li genyen pou l sòti nan asistans sosyal e kòmanse travay, malgre tan li te gen pou l fè sa.
- I. Yo pran kay la nan men fanmi an, aprè yon jijman legal kote lajistis mande pou kay la vann pou peye dèt fanmi an te fè pou l te ka achte kay la (ou pou peye nenpòt refinansman dèt sa a).
- J. PHA a detèmine fanmi an fin resevwa asistans pou l vin pwopriyete kay la pandan tan maksimòm ke pwogram vawchè pou dwadpwopriyete a pèmèt la, oubyen 180 jou deja pase depi PHA a fin fè dènye pèman an nan non fanmi an nan kad asistans pou dwadpwopriyete a.
- K. PHA a detèmine pa gen ase fon-lajan pou li kontinye ofri asistans pou lokatè a vin gen dwadpwopriyete a.

Konsève dokiman sa a pou dosye pèsònèl ou

Fanmi

Non chèf fwaye a

Adrès, Nimewo Telefòn:

Non lòt manm fanmi an

Siyati Repezantan Fanmi an:

Dat: (jou/mwa/ane)

Ajans Lojman Piblik

Non PHA a

Adrès, Nimewo Telefòn:

Tit Repezantan PHA

Siyati Repezantan PHA

Dat: (jou/mwa/ane)

Dokiman sa a se tradiksyon yon dokiman legal HUD pibliye. HUD mete tradiksyon sa a a la dispozisyon ou kòm yon senp mwayen konvenab pou ede w konprann dwa w ak obligasyon w. Vèsyon dokiman sa a ki nan lang angle, se sèl dokiman ki ofisyèl, legal e ki gen valè. Dokiman tradui sa a se pa yon dokiman ofisyèl.